

# MANGANGE



Nzira dzaKe hadzingarondwi, hadzina here kudaro? Ishe vanoshamisa! Zvinotapira zvakadini kuvimba naYe. Ndinongori nechokwadi chekuti mave nenguva inoshamisa manheru ano. Uye ndichingozarura mukova uko nguva shoma yapfuura zvino ndichinzwa Hanzvadzi Gertie vachiimba chimbo chiya chakare, *Ramba Wakabatirira, Imwe Awa Zvakare*, zvadzosa ndangariro dzekereke yangu duku, pakanga pari apo ndisati ndabva ndichienda pane imwe nguva ndichienda kuminda yebasa rekuvhangeri. Ndakatarisa zvino apo pane “Tsvaka Mwari Kutanga” kuno pamberi pakachinjika pabango redenga iri rakare, ndinorangarira Sammy Davidson akapenda izvozvo ipapo zvingaita makore makumi maviri nemashanu akapfuura, kune rimwe divi ndinofunga kuti pane, “Ndekupi Kwauchange Uri Muna Ziendanakuenda? Funga!” Zvino ipo *pano* chaipo paiva ne—ne “Mudzimai Ari Patsime,” uye, “Dhanieri Ari Mugomba ReShumba.” O, ini zvangu! Zvinhu zvakanakisa zvakanakisa kubva panguva iyoyo.

<sup>2</sup> Dzave kuda kusvika five o'clock masikati ano ndawana nhare yanga ichida betsero zvechimbichimbi yabva zvingaita mamaera makumi matatu [50km], makumi mana [65km] zasi uko munyika muno, yemudzimai anga ave kufa, uye iri shamwari yakakosha kwazvo, amai vaGeorgie Carter. Uye ndanga ndichiziva kuti pane vashumiri vakawanda pano vaifanobata kusvikira ndadzoka. Edith anga ari muchinhano chakaipa kwazvo, zvakare. Zvino patanga tiri ikoko, Ishe Mwari vauya panzvimbo pachu, zvino Hanzvadzi Carter vave kure nokufa. Saka, saka tinotenda nokuda kwazvo.

<sup>3</sup> Uye zvino yave kusvika nguva yeshumiro yechirairo munguva shomanani inotevera, ndinofunga kuti dzinenge dzave kuda kusvika twelve o'clock pachu pavachadaro. Inguvai yamaronga kuti muchipe? [Hama Neville vanoti, “Chero nguva, kubvira pane chero nguva zvino kusvika tichangodarika eleven-thirty.”—Mupepeti.] Chero nguva hayo iyo isu... Vangani vari kuzotora chirairo manheru ano, ngatione mawoko enyu. Ndizvo, o, zvakanakisa kwazvo. Zvakanaka, ndiri kuda kutaura shoko rimwe bedzi kana maviri. Zvichida ndicharadzika wachi yangu pano apa kwemaminitsi anenge gumi, gumi nemashanu, tozotanga chirairo. Zvino, munoMuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ameni. Uye ndinoziva kuti mava nenguva yakanakisa kwazvo, hamuna here?

<sup>4</sup> Zvakanaka, ndokunge pano vasiri Hama Thomas Kid, neHanzvadzi Kidd, vanobva zasi uko kuOhio. Ndinofunga kuti vambosimuka. O, zvakanaka, ndinotarira kuti zviri patepi zvino ndichazviwana. Munoziva, havakande mapfumo pasi.

Vangori nemazuva mashoma pasi pezana, asi—asi ndizvo zvinondichengeta ndakashinga, kunge ndichiona vanhu vakadai. Fungai, ndave mutana, zvino ndisati ndabarwa vakanga vachiparidza Evhangeri. Uye hezvinoi pano ndave mutana, zvino ivo, kana vakasabuda kunze kunoita kuti inzwi ravo ritauke, vanongotora tepi rekodha zvino voenda vachibva kuchipatara chino voenda kune chimwe chipatara, imba imwe nekune imwe imba, vachiparidza Evhangeri. Zvakanaka zvikuru. Amen. Chokwadi ndiri kufara nokuda kwavo uye neavo vose vatarisira mushumiro dzino pano.

<sup>5</sup> Zvino, rangarirai, tichazvizivisa zvino, Ishe vachida, apo kereke painenge ichangopera, izvo zvavari kutaura kuti kuda kuma 10 aKukadzi, saka, tiri, Ishe vachida, tinoda kutora mazuva anotangira pamasere kana gumi, kana zvichida mavhiki maviri, pa*Zvisimbiso Zvinomwe* zviya zvemuna Zvakazarurwa. Zvino tichazivisa makadhi kuvayenzi vedu vanobva kwakapoterredza, vanobva kumusha kuno, zvino tovaita kuti vazive pachiiine nguva yakawanda mberi saka kana vakaratidza chido chokuuya, zvakanaka, tine chokwadi chokuti tichafara kuva nemi kuno. Uye zvichida Ishe vachatipa kumwezve kuratidzwa kweHupo hwaVo sezvaVakaita panguva yokupedzisira patakanga tapedza *Mazera Manomwe EKereke*.

<sup>6</sup> Kana wakamboda kunamatira mumwe munhu, saka, ndirangarirewo nguva dzose, nokuti ndini wacho anonyatsouda. Zvino, ndiri kuita sokuzvinyarira, kutora maminiti aya gumi, gumi nemashanu pano, kuti nditauke chimwe chinhu chiduku tisati tatanga, asi ngatikotamisei misoro yedu kwekangvana.

<sup>7</sup> Ishe Jesu, o, hondo ichange yapera pane rimwe zuva, uye pachange pachisina vanorwara vokunamatira, uye pachange pachisina vatadzi kuti vatendeuke. Asi, Baba, apo zuva rino riri zvariri, regai tishande apo tichiine chiedza chokuti tishande machiri, nokuti nguva iri kuuya apo pachange pachisina munhu achakwanisa kushanda. Zvino, kwechinguva chishoma, Ishe, ndinganzwa zvakashata kana ndikasadaro, ndipfige gore rino ndisina kutaura mamwezve mashoko mashoma. Ndibatsirei, Baba, ndinonamata, kuti ndigotaura chimwe chinhu chinozodyara hushingi mumoyo yevanhu veNyu, kuti tizogona kubva pano manheru ano mushure mokutora chirairo, uye tinocherechedza kuti muchirairo mune simba. Israeri yakatora chirairo kutanga zasi muEgipita, zvino ndokufamba kwemakore makumi mana shangu dzavo dzisingaperi kana hanzu dzavo dzichisvika pakusakara. Uye, kubva pavanhu mamiriyoni maviri, pakanga pasina akanga aine hutera pakati pavo pavakabuda murenje. Ishe, regai tizvirangarire izvozvo manheru ano patiri kusvika panguva huru iyi. NemuZita raJesu tanamata. Amen.

<sup>8</sup> Kana ndingataura chidzidzo chandanyora pasi chandanga ndiri kuzotanga nacho masikati ano, tinozenge tiri pano na

five o'clock mangwanani. [Mumwe munhu anoti, “Zvinenge zvakangonaka.”—Mupepeti.] Asi ndinoda kuverenga Shoko rimwe kubva...[“Zvinenge zvakangonaka.”] Maita henyu. Kubva muvaEfeso, chitsauko 6, ndima 12, zvino kwechinguva chishoma zvino, kuitira hushingi.

*Nokuti hatirwi nenyama neropa, asi navabati,  
namasimba, na...madzishe...erima* renyika ino,  
nekuipa kwepamweya munzvimbo dziri kumusoro.

<sup>9</sup> “Kuipa kwepamweya munzvimbo dziri kumusoro.” Ndiri kuda kutora kubva ipapo chirevo chiduku kwemaminitsi gumi kana gumi nemashanu, kana kuti chidzidzo, waro, ndinoda kuchiti: *Mangange*. Mangange kuedzwa kwesimba. Uye isu, apo patine...kuedzaimba. Taimbova...MaIndia kumboisa moto, zvino vaizoisira varume vane humwe huwanda kumapeto *aya* etambo, nevane humwe huwanda kumapeto *aya*, zvino ma—makwikwi ekudhonzana netambo, mangange esimba, vaizodhonzera boka rinenge rakurirwa nemumoto. Uye zvino tinoziva kuti kune zvinhu zvakanwanda, uye tinogona kushandisa izvi sehwaro kwemaminitsi mashoma, zve—zvemangange, asi ndinoda kutaura kwemaminitsi aya nokukasika pamusoro pemangange makurusa aripo, ari, pakati peKereke naSatani. Simba riya guru raSatani. Zvino tinoda kutaura pamusoro pesimba guru raMwari muKereke yaKe.

<sup>10</sup> Zvino, mangange makuru aya anga ari kuitika kwemakore akawanda. Akatangira Kudenga, zvino Satani akavirwa kunze panyika, zvino ipapo akabva ava mhandu kuvanhu vaMwari. Zvino, kubvira ipapo, ashandisaimba rake rose nehurongwa hwake kuedza kudhonzera vanhu vaMwari nemumoto, kana kuti, kupinda mumoto wake.

<sup>11</sup> Uye tinoziva kuti Ndiyani aneimba zhinji, Mwari anaro. Uye Mwari, paAkapa vanhu vaKe Chinhu chakanakisisa icho chaAikwanisa kurwisa Satani nacho, raiva Shoko raKe. Zvino, nokuda kwekuti Shoko ndiMwari, zvino ndiyani aneimba kudarika Mwari? Saka, Shoko ndiMwari, zvino Shoko ndiro rinovaimba redu. Mwari muKereke, anobva ava Simba rayo rekudhonzera Satani mumoto wake omene uyo waakagadzira. Zvino kudhonzana kunoenda mberi. Zvino, Jesu akati, muna Mariko 16, “NemuZita raNgu vachadzinga madhimoni.”

<sup>12</sup> Zvino, ndinoziva kuti chitaurwa chakare chokuti vanhu, kana kuti, pane chitaurwa chakare chokuti...uye hachisi chakarewo, zvakanwanda. Vanhu havatendi mune madhimoni muzuva rino. Asi chinhu chokuita, pamaonero angu, kunge uchiziva muvengi wako. Zvino—zvino ziva muvengi wako, zvino wochidzidzira kuitira mangange auri kuzova nawo paunosangana naye, nokuti uri kuzosangana naye. Zvino muzive, ziva ake...ziva zviriraimba rake, uye zvadaro wochidzidzira kuitira mangange aya kana uchinge wazosangana

naye. Nokuti chimwe chinhu chechokwadi, uchasangana naye, saka zvino chidzidzira kuitira mangange acho.

<sup>13</sup> Zvino, kudzidzira uchiitira mangange zvakafanana nemutambi wetsiva. Mhandu yake—yake yaari kuzosangana nayo kunze uko mumangange, pakurwa, murwi chaiye akanaka kazhinji anoziva nekudzidza uyo anozomukwikwidza. Anodzidza kamurovero kake, anoziva kwaanorwa ari, kuti anorerekerera kumberi here, anorerekerera kumashure, anorwa neruwoko rwerudyi kana rweruboshwe. Anodzidza zvole izvozwi. Zvino kana ari murwi anonyatsogona, akangwara, anotsvaga munhu waanodzidzira naye anorwa chaizvo semarwiro anoita uyo anozomukwikwidza, nokuti anozovira kamurovero kake kose kana achinge asvika panzvimbo pachu.

<sup>14</sup> Uye ndinofunga kuti ndicho chinhu chakanaka kwazvo chokuti Makristu aite. Ndizvozwi chaizvo. Uye zvino kana uchida kutanga kudzidzira, tanga naJohane 3:16, Mutemo Mukurusa. Chitotanga uchienda naiwoyo, zvino iwoyo uchakusvitsa panzvimbo. Zvino zvadaro chidzidzira kuitira—kuitira zvi bhakera zvinobva zvaparadza mhandu, nokuti uchange uchizozvishandisa. Munhu wese anozviziva izvozwi. Unofanira kudzidzira kurova muvengi wako. Uye nguva dzose, Mwari vanoshandisa Shoko raVo. Tinofanira kurangarira kuti Mwari vanoshandisa Shoko raVo kukunda muvengi waVo. Dai Mwari vaigona kufunga kana kuti vaigona kunge vakapa vanhu vaVo chinhu chiri nani chokukunda nacho muvengi, Vangadai vakazviita. Saka sezvandinogara ndichitaura, “Kana Mwari vakaita sarudzo, ndiyo yakanakisisa yacho iripo. Havazoshanduri sarudzo dzaVo.” Saka sarudzo yokutanga iyo Mwari yavakapa vanhu vaVo mubindu reEdheni, kurwisa muvengi, raive Shoko raVo. Vaive vakachengetedzwa neShoko raVo.

<sup>15</sup> Zvino muvengi achadzidza izvo...hurongwa hwedu neShoko. Uye, zvino, Satani akanyatsa kuzvidzidza zvakananyatsokwana kusvikira, paakauya kuna Evha, akanga aine hu—hurongwa hwakanakisisa hwaigona kushandisa paari, zvino hwaive hwekushandisa pfungwa paShoko. Zvino, haudi kushandisa njere paShoko raMwari. IngoRitenda. Usaedza kuRitsanangura. Usaedza kufunganya kuti Rakadini. Zvino, haugone kuziva zviri Mwari nepfungwa, saka Mwari iShoko, uye Rakangoitirwa kuti ritendwe. Zvino ndiro Simba redu, ingogamuchira Shoko. Uye chero munhu wese hake anoziva kuti mbeu iri muivhu rakafanira inobereka zverudzi rwayo. Zvino tinongotora Shoko.

<sup>16</sup> Uye, zvino, Evha akatanga kumira kuti ahandise njere, apo iye...akataura Shoko kwaari, kuti, “Mwari vakati, ‘Hamufanire kudya kubva paari, nokuti musi wamunodya kubva paari’ zuva iroro tinofa.”

<sup>17</sup> Zvino Satani haana kusambowirirana naye. Akati, “Zvirokwazvo, ndizvozvo chaizvo.” Asi akati, “Uri kuona, unoda chimwe Chiedza chitsva.” Chimwe chinhu chakati siyanei zvishoma nezvakataurwa naMwari. “Uye kana ukazviita, uchange wati ngwarei zvishoma. Meso ako achazaruka.”

Asi mudzimai akati, “Zvakanaka, Mwari vakati tinozofa.”

<sup>18</sup> Akati, “O, zvirokwazvo . . .” Munoono, hezvoka zvowoita, zvishoma zvakangodai, “Zvirokwazvo haufi.” Asi Mwari vakati uchadaro, zvino ndizvo zvazviri! Zvino zva—zvakadambura makwikwi makuru aya ekudhonzana netambo ipapo, zvino ndokudhonzera rudzi rweke rwevanhu murufu, nokuti Evha akateerera pakushandiswa kwepfungwa paShoko raMwari. Zvino, zvinonyadzisa kuti akazviita, asi zvakatopfuura. Asi iye zvino tichakachengetedzwa, zvino chinobatanidza chacho chakaitwa muna Kristu Jesu. Tinozviziva izvozvo. Mwari vakatipa dziviro yedu yakanakisisa, kungovimba zviri nyore neShoko raVo.

<sup>19</sup> Munoziva, zvino vanhu vakawanda nhasi vanoti hakuna chinhu chakadaro sadhiyabhore. Vanotenda kuti inongori pfungwawo hayo. Vanozvitenda izvozvo. Uye pane vanhu vanotenda kuti—kuti—kuti Mweya Mutsvene ipfungwa yakanaka, uye kuti dhiyabhore ipfungwa yakaipa. Asi kana mukacherechedza, kana Bhaibheri richitaura pamusoro peMweya Mutsvene, Akati, “Kana iYe Mweya Mutsvene achinge auya.” Uye “Iye” inzwi rinomirira munhu. Maona? Saka, iYe, iYe Munhu. Uye dhiyabhore munhu. Uye madhimoni vanhu. Hongu, iwo madhimoni, uye a—anouya nenzira dzakawanda. Asi vanofunga kuti ipfungwa yechinyakare.

<sup>20</sup> Mumwe murume akanga achiita gakava kwandiri masvondo mashoma apfuura. Akati, “Unoziva here zvaunoita? Unongoita kuti pfungwa dzevanhu ivavo dzifunge chimwe chinhu kana uchinge wavaudza vanhu vacho chinhu chacho. Kunongori kushanduka kwepfungwa.”

<sup>21</sup> Ndakasangana nechinhu chimwe chete ichochi kuIndia pane imwe nguva, apo varume vatsvene vaya uko kwatakava, ndinotenda ungoro yakakurisa yandati ndambotaura kwairi, paungano imwe chete yakamira, yainge iri yevanhu hafu yemiriyoni, zvino ndakazvibata nekunzvera muMweya. Zvino vaigona kuona Mweya Mutsvene uchidana vanhu, uye uchivadana, kunze muungano, uye uchitaura zvinhu zvakasiyana-siyana, uye nokubata pfungwa yavo. MaRaja nevarume vatsvene, vakati, “Ari kuverenga pfungwa dzavo.”

<sup>22</sup> Saka munguva shoma, vangaita vashanu kana vatanhatu vakanga vapfuura nemumutsara wekunamatirwa, zvino mumwe murume aiva bofu akauya nepo. Akanga ari bofu zvachose, zvino maziso ake akanga ari machena seshati yangu. Zvino ndakati, “Zvino heunoi murume bofu, chero munhu wese hake

anogona kuona kuti ibofu.” Uye ndakati, “Dai ndaikwanisa kumubatsira ndaidaro, asi nzira yoga yandingakwanisa kuita izvozvo kubudikidza nechipo, nokutaura zvichida chimwe chinhu chaakaita; zvino zvaizopa pfungwa yokuti kana Mwari vachiziva zvaakaita, Anoziva zvezmazvirokwazvo zvaachazoita.” Saka ndakati, “Iye zvino, ndakamutarisa,” ndakati, “zvino, munamati wezuva. Anga ari bofu kwemakore makumi maviri.” Zvino, muturikiri paakazvita, zvakanga zviri izvo. Ndakati, “Murume akarooro. Iye...mudzimai wake akati dupukei, uye ane vanakomana vaviri, mumwe ane makore anenge manomwe, mumwe mapfumbamwe.” Zvakanga zviri izvo chaizvo. Ndokudana mazita avo, izvo zvaraiva.

<sup>23</sup> Zvino kunze muungano, munzvimbo kwakanga kuine vanhu, kwakauya saisai riya mukati, “Ndezve pfungwa, ndezvimwe zvakafanana ne—nemapipe ekuverenga pfungwa dzavo.”

<sup>24</sup> Ipapo ndakafunga, “Ishe, kana Mukangondibatsira. Ndi—ndinoda rubatsiro rweNyu, Ishe. Vanhu ava vari kuedza kufananidza izvi sekuverenga pfungwa. Uye handizvo, uye Munozviziva, Ishe.” Asi, ndavapa Gwaro rokuti Jesu akati hapana chaAnoita kusvikira Baba vaMuratidza. Zvino ipapo, ndokutendeuka ndokutarisa murume uya zvakare, ndakamuona angori pamusoro ipapo muchiratidzo, aine meso akanganaka seandinawo. Ndakafunga, “Iye zvino ndiyo nguva yacho.”

<sup>25</sup> Ndakati, “Murume uyu munamati wezuva, zvino, uye akazove bofu.” Zvino ndakati, “Zvino, avo...Havo vapisita vechiMahomadhi, uye havo va—vapisita vemaSikh, maJain, nedzimwe mhando dzakasiyana dzezvinamoto, Bhudha. Zvino murume uyu anoda kugamuchira kuona kwake. Zvino, munogona kutaura kuti a—ainamata chisikwa panzvimbo yeMusiki. Ndinozviten dawo izvozvo, zvakare. Asi hezvo tigere pano manheru ano.” Ndakati, “Uye tanga tiri...nhasi ndatandadzwa mutemberi yemaJain uko kwanga kuine zvinamoto gumi nezvinomwe zvakasiyana zvanga zviripo kuti vave nehurukuro neni, uye mumwe nomumwe wavo achipikisana naKristu, mumwe nomumwe wavo!” Zvino ndakati, “Zvino, uye vakawanda venyu imi varume manga muri zasi ikoko. Zvino, kana Kristu akatsveyama kwazvo, zvino murume uyu anoda kuita zvakana, uye zvirokwazvo Mwari wezvisikwa Uyo akagadzira nyika achange ari iYe oga Anokwanisa kumupa kuona kwake. Zvine musoro izvi.” Uye ndakati, “Zvino, kana chero mumwe wenyu imi vanhu, chiMahomadhi pano ndicho chitendero chinodarika zvole, kana muprisita wechiMahomadhi akauya pano obva amupa kuona kwake, zvadaro ndinotevera chiMahomadhi, kana muprisita wechiBhudha akauya kuzomupa kuona kwake. Asi regai Mwari Uyo akamugadzira, Mwari, Mwari wemumwe munhu kumwe kunhu, nokuti panofanira kuva, hatikwanise kuva nechisikwa ipo pasina Musiki. Uye zvinotora Musiki

kusika kuona mumaziso aya. Anga ari bofu kwemakore makumi maviri nokuda kwekutarisa zuva, achifunga kuti anoenda Kudenga kana akazviita. Murume wacho akazviita mukusaziva.” Ndakati, “Ko chii chamungaita imi vapisita vaBhudha? Munongoshandura nzira yemafungiro ake. Munozoti anga achikanganisa.” Vanonamata madzitateguru avo akafa. Zvino ndakati, “Zvino, munogona kufunga kuti akanga akadaro, munogona kuti aikanganisa, asi chii chamungaita? Monoshandura nzira yemafungiro ake.” Zvino ndakati, “Ko chii chingaitwa nemuMahomadhi? Kungoshandura nzira yemafungiro ake. MaSikh, maJain, nevakadaro, vanoshandura nzira yemafungiro avo.”

<sup>26</sup> Ndakati, “Tine chinhu chimwe chete kuUnited States. MaMethodisti ose anoda kuita kuti ose maBaptisti ave maMethodisti, uye maPentekosti vanoda kutora maMethodisti ose zvino vovaita maPentekosti. Kushanduka kwepfungwa. Asi handizvo zvatiri kutaura nezvazvo. Tiri kutaura nezvaMwari, Musiki.” Zvino ndakati, “Zvirokwazvo Musiki anototaura.” Uye, zvino, handaing ndakazvitaura dai chiratidzo chiya chaigne chisina kunge chiripo, kana zvachose. Zvino ndakati, “Zvino, kana Uyo wacho, ngatiMuti ndiMwari, auye kuzomupa kuona kwake.” Uye ndakati, “Iye zvino ndinopikisa chero hake muprisita kana Raja, kana murume mutsvene kana chero chipi chaangava, uya umupe kuona kwake, zvino ndinozotevera zvepfungwa dzako, matowana wamatendeutsa.” Zvino ndiro rakava boka rakanyararisa ravanhu randati ndambonzwa. Maona? Hapana akazviita.

<sup>27</sup> Zvino ndakati, “Chii chamanyararira kudaro?” Ndikati, “Chikonzero makadaro, ndechokuti hamukwanise kuzviita, uye kana neniwo handikwanise. Asi Mwari woKudenga Uyo akamutsa Mwanakomana waKe Jesu Kristu, uyo watiri muranda waKe, achangondiratidza chiratidzo chokuti murume wacho ari kuzogamuchira kuona kwake.” Maona? Ndikati, “Zvino, kana zvisina kudaro, ipapo munogona kundidzinga kubva muIndia. Asi kana zviri izvo, mumwe nomumwe wenyu mune mungava wekupira hupenyu hwenyu kuna Jesu Kristu. Ndinoda kukubvunzai, vangani vari muno vachapa hupenyu hwavo kuna Kristu kana murume uyu bofu akagamuchira kuona kwake? Muri kuona vapisita venyu, hapana auya kumusoro kuno. Sei vasingaue, kana vakakuudzai kuti chinamoto chavo chikuru kwazvo uye chakakurumbira kwazvo? Ko zvadini kuti mumwe munhu auye kuzotaura chimwe chinhu?” Hapana akauya. Ndakati, “Zvino imi vanhu kunze uko, kana mukaona murume uyu bofu akamira pano. . .”

<sup>28</sup> Zvino pakarepo kwakauya chiremba kuzoongorora maziso ake. Akazunguza musoro wake, akati, “Ibofu.”

<sup>29</sup> Zvino saka ndakati, “Zvirokwazvo, ibofu.” Asi ndakati, “Kana. . .Zvino kana Mwari vakamupa kuona kwake,

vangani venyu vachashumira Jesu Kristu?” Zvino kusvika kure kwandaikwanisa kuona, nyanza dzemaoko matema. Ndokutendeukira kumurume, zvino ndokuti, “Ishe Jesu, ngazvizivikanwe kuti iMi muri Mwari.” Murume wacho akandibata zvakasimba muhuro, zvino hepanoi ipapo paive pagere meya weBombay akagara ipapo, ndokumubata zvakasimba muhuro, achiona zvakanaka sezvinongoita munhu wese.

<sup>30</sup> Chinombori chii? Iro—iro chaizvoizvo isimba! Mwari ndiMwari, uye Satani ndiSatani! Kana usingatendi muna dhiyahhore. . . Pandakatangisa chaipo, nda—ndaiita mahwekwe naye mazuva ose. Usanditaurire kuti hakuna dhiyahhore, nokuti ndinoziva zviri nani. Ndinotofanira kurwa naye mazuva ose. Saka ndinoziva kuti kuna—kuna dhiyahhore. Uye unofanira kunge wakadzidziswa paunosangana naye. Kwete kudzidziswa mune zvepfungwa, kwete kudzidziswa mune zvefundo; asi wakadzidziswa neMweya Mutsvene; simba raMwari riri muShoko raKe rinoita kuti Riratidzwe. Ziva muvengi wako. O, chinhu chine utsinye kwazvo!

<sup>31</sup> Ndingada sei kumira pano zvino ndotaura pamusoro pazvo, ndodzokera nemuBhaibheri zvino ndokuratidzai murume kareko ikoko akasangana chiso nechiso. Kutu mumangange okurwisa muvengi, vakazvidzimirira neShoko raMwari. Nowa akava nechiiitiko chazvo, uye akaziva kuti Mwari vakamuudza kuti kwakanga kuri kuzonaya. Zvino mangange akange aripo pakati pesainzi neShoko raMwari: Sainzi inoti, “Hazvigoni kuitika.” Mwari vakati, “Zvichaitika.” Amen.

<sup>32</sup> Chinhu chimwe chetecho chiripo nhasi. Zvichaitika! Zvinoitika! Pane madhimoni! Asi Jesu akaadzinga, uye Akapa Kereke yaKe mvumo yesimba rekuzviita, “Dzingai madhimoni nemuZita raNgu!” Akadzinga madhimoni manomwe kubva mune mudzimai tsvarakadenga rimwe zuva. Zvino Akati, “Kana mweya wetsvina uchinge wabuda mumunhu, unofamba munzvimbo dzakaoma, uchinge wadzoka zvino, unouya nemamwezve madhimoni manomwe.” Zvino, zvinoratidza kuti kana munhu akabviswa madhimoni, painge paine chimwe chinhu maari chinenge chabuda. Dhimoni rinenge rabuda! Zvino, dhimoni parakabuda, ndipo Mwari. . . zvinopa Mwari mukana wekupinda mukati. Saka, zvino kana ricinge rabuda, rega Mweya Mutsvene upinde. Usangozvisiya zvakadaro. Kana ukangotendeuka zvivi zvako chete wongoenda mberi, zvikadaro unozove wakashata kudarika zvawakambove. Asi tora nzvimbo iyo yaimbogarwa naSatani achigaramo, ita kuti izadzwe neMweya Mutsvene waMwari, uye zvadaro unozova nesimba reShoko raMwari mauri, richiratidzwa, uye uchidzinga madhimoni. Mangange ari kuitika. Zviedza zvevanheru zviri kupenya. Mweya Mutsvene waMwari uri pano.



<sup>33</sup> Uye zvino ave kuda—kuda maminiti matatu kusvika panguva iyo pembe dzichange dzoridzwa, uye panenge pave pakati peusiku. Zvino patinobva muchivakwa chino, tichienda kunzvimbo dzedu dzakasiyana-siyana nekumisha yedu, nekunosangana kunze, nekunosangana nyenika, ngatisaendai sezvataiita munguva dzakare. Ngatiendei musimba rekumuka kwaKe. Ngatiendei nemuzita raJesu Kristu, tiene mureza wakasimudzwa mudenga, uye nekutenda muShoko raKe, kwekubata Munondo unocheka nemativi maviri, nenhowo uye nokupfeka hanzu dzose dzokurwa dzaMwari, kunosangana nemuvengi, nokuti ari kuramba achiwedzera kusimba nokuwedzera kuve ane masimba mazuva ose. Apo mu—apo muvengi anouya semafashama, Mweya waMwari unosimudza chihero uchipesana naye. Kana tasvika pamagumo ezvinhu izvi izvo isu . . . uye zvakananzika zvaMwari zvazadzikiswa nesu, tiri kutsvaka rimwezve simba, simba rokubvutwa, rekusangana . . . simba rinodarika pakukura, richabvuta Kereke nokuenda nayo muKubwinya. Tinofanira kuva naro. Ngatisanganei na 63 nekupikiswa, sokunge, tiri varanda vaMwari mupenyu! Uye saShadhireki, Misheki naAbhednego vakare, hatisi kuzogwadamira madhimoni enyika ino uye nokutora zvakare chinhu ichi chatanga tichitaura nezvacho, asi ngatiendei mberi nehondo.

<sup>34</sup> Ndinonzwa manheru ano, apo patiri kuteerera pembe, chimwe chinhu chakafanana nezvakaitwa naDhavhidhi usiku huya hwaityisa hwaipisa paainge akarara pasi pezvikiwenzi zviya zvemuhabhurosi, uye muvengi akange ave kusimuka. Yaive nguva yakadini kuna Dhavhidhi! Yaive nguva yakadini kwaari akarara ipapo! Akanga asingazive kuti ofamba sei, akanga asingazive kuti obatana nei, nokuti aiziva kuti aive akadarikwa pahuwandu hwevanhu. Asi, kamwe-kamwe, akanzwa ruzha rweMhepo rwuchienda nepamusoro pezvikiwenzi. Akaziva kuti Mwari vakanga vaenda mberi kwake, zvino akaenda kuhondo. Ndiri kunzwa zvimwe zvakafanana nezvakadaro manheru ano, mushure meMharidzo yanezuro manheru, ndiri munguva yerima rakasvibisisa yandati ndambotarisanana nayo muhupenyu hwangu. Ndiri kunzwa saIsaya mutemberi mushure mokuona ngirozi dziya, ndiri munhu wemiromo isina kuchena, uye ndichigara pakati pevanhu vane miromo ine tsvina. Asi teererai, ndi—ndiri . . . ndinofanirwa kutosangana nayo neimwe nzira, uye, pane chinhu choga, ndakamirira kunzwa kumhanya kuya nemuzvikiwenzi zvemuhabhurosi, kuti ndinosangana nemuvengi chero kupi kwaari. Mwari vatibatsire kuzviita.

<sup>35</sup> Uye zvino ndinofunga kuti iminiti imwe chete yasara kuti dzisvike pana twelve o'clock. Zvino '62 nezvayo zvose zvakaipfuura, ngatiiregei ive inopfuura.

<sup>36</sup> Ngatimirei netsoka dzedu zvino, mumwe nomuwe wedu. Mangange ari kuitika. Mumwe nomumwe wenyu . . . Pauro akati,

“Tichikanganwa izvo zvinhu zvakapfuura,” kukanganisa kwedu kwese kwegore rakapfuura, “ndinoshingaira ndakananga kunharidzano yekudanwa kwepamusoro.” Kukanganisa kwangu kwese kwandakaita mumakore ose aya, ndiregerereiwo nokuda kwawo. Mwari, ndiregerereiwo. Kereke, ndiregerereiwo. Uye shumiro iyo yanda—ndakakundika nayo, ndinonzwa; Mwari, ndiregerereiwo nokuda kwayo. Kereke, ndiregerereiwo nokuda kwekukanganisa kwangu. Uye ndichashingaira ndakananga kunharidzano yekudanwa kwepamusoro muna Kristu Jesu. Zvingavei zviru mune ramangwana, handizive, asi ndinoziva Uyo akabata 1963.

<sup>37</sup> Ngatisimudzei mawoko edu kuna Mwari zvino uye ngatinamatei nenzira yedu pachedu, patiri kureurura, uye tichikumbira Mwari kuti atibatsire nemugore iri rinotevera riri kuuya.

<sup>38</sup> Baba voKudenga, apo takamira pano, apo pfungwa dzakawanda dziri kufa mumoyo medu, uye dzekukanganisa kwegore rapfuura, uye apo patiri kuswera kurufu rwa '62 nekubarwa kwa '63, O Mwari, dai tava pane rimwe danho riri pamusoro pamanera, kusvikira tava kuona Jesu pamwe nehurongwa hwake. Dai wese ari pano, Ishe, mumunamato, apo gore rakare riri kufa, uye kuberekwa kutsva kwegore idzva kuri kuuya, dai chivi chemunhu wakare pamwe nekusatenda zvine mumoyo yedu, uye Kuberekwa patsva kuuye na 1963, seMhepo iri kuvhuvhuta, ine simba kuti igozadza mitumbi yedu nokutiita zvisikwa zvitsva muna Kristu.

<sup>39</sup> Tiitei varanda vakakodzera. Regererai rakare redu. Ropafadzai ramangwana redu. Titungamirei, O Ishe Mwari, neruoko rweNyu rwune simba, Jehovah. Ropafadzai vashumiri ava pano. Ropafadzai unganano yose, vaenzi vose. Chivaiwo nesu, Ishe. Tiri varanda veNyu uye tinozvipa kwaMuri zvizere kuitira 1963, kuitira kuti simba reMweya weNyu rigova nehutongi hwakawedzerwa muhupenyu hwedu nemumutumbi wedu. Tibatsireiwo, Mwari. Tiregerereiwo uye mutibatsire, tanamata. Simudzai varume vane simba! Simudzai mhare hura dzeKutenda! Zarurai gore rino, Ishe, iya Mana yakavanzika, Ibwe riya riri pasi peibwe, kuitira kuti tigoona hurongwa hwaMwari. Isai dombo repamusoro repamapiramidhi ehupenyu hwedu, Ishe; Isai Dombo rakatesva, Kristu Jesu, pamusoro pomumwe nomumwe wedu. Dai maropafadzo aKe makuru anoshamisa, matsvene ave pamusoro pedu tose. Dai moto weMweya Mutsvene wauya patiri. Dai simba rerumuko raratidzwa. Mwari, tinoKutendai zvakadini, manheru ano. Tiri veNyu. Tinozvipa kwaMuri zvizere, Ishe.

<sup>40</sup> Pandiri kuenda uko, ndisiri kuziva kuti kupi kana kuti sei, kana izvo zvandichaita, ndiri kuvimba neMi, Mwari Samasimba, kuti Muchanditungamirira, muranda weNyu

asina chaanobatsira nacho, kuitira kuti ndigoshandiswa mukuremekedzwa nekubwinya kwaSamasimba. Zviitei, Baba.

<sup>41</sup> Gamuchirai minamoto yedu. Ropafadzaiwo kushingaira kwedu. Podzai varwere nevanotambudzwa, zvose pamweya nepanyama. Uye tiitei varanda veNyu. Tiri ivhu, iMi muri Muumbi. Tiumbei, mumwe nomumwe, nenzira yeNyu Momene, kuitira kuti tikwane pamwe chete naKristu Jesu, senhengo yemuTumbi waKe. Nokuti tinozvikumbara nemuZita raJesu, uye nokuda kwaKe pamwe nokuda kweEvhangeri. Amenii naameni.

[Imwe hama inotaura nendimi. Imwe hama inopa dudziro—Mupepeti.]

<sup>42</sup> TinoKutendai, Mwari, Baba. TinoKutendai nokuda kwekurudziro iyi yeGore Idzva inotitumira kunze tiine tariro pamwe nokugutsikana kwekuziva kuti kubudikidza nekutaurwa kwemashoko aya kuvarume ava vanga vasingazive, kuti Mharidzo ndeye chokwadi, uye Muri kutikumbara kuti timire naYo. Tichaita zvose sokuziva kwatinokwanisa, Ishe, kumira neMi pamwe neShoko reNyu.

<sup>43</sup> Tigamuchireiwo nemuZita raiYe Uyo akatidzidzisa tose kuti tinofanira kunamata sezvizvi, [Hama Branham neungano vanonamata pamwe chete—Mupepeti.]: “Baba vedu Vari Kudenga, Zita reNyu ngarikudzwe. Humambo hweNyu ngahusvike. Kuda kweNyu ngakuitwe panyika, sezvazviri Kudenga. Tipeiwo nhasi kudya kwedu kwemazuva ose. Uye mutiregerereivo kudarika kwedu, sokuregerera kwatinoita avo vanotitadzira. Uye musatipinza mumuyedzo, asi tidzikinureiwo kubva kune zvakaipa; nokuti Humambo ndehweNyu, nesimba, nekubwinya, nokusingaperi. Amenii.”

<sup>44</sup> Ishe vakuropafadzei nokukuchengetai. Asi avo zvino vanofanira kuenda kumisha yavo. . .Iye zvino ave maminiti mashanu tadarika, ave maminiti mashanu muna '63. Zvino Mwari vakuropafadzei. Uye—uye imi vanoda kusara kuitira chirairo, munogamuchirwa kuti musare, tichafara kuva nemi. Hachisi chirairo chevashoma, ndeche mutendi wose ari mukuwadzana naKristu. Unogamuchirwa kuti ugosara uchitora chirairo pamwe chete nesu. Uye chikonzero chatinozviitira ndechokuti ichi ndicho chinhu chokutanga, tiri kutanga rwendo. Zvino Israeri, vasati vatanga rwendo rwavo, vakauraya gwayana ndokudya miriwo inovava, zvino ndokutanga rwendo rwavo. Zvino ndafunga, “Zvakafanira sei izvi manheru ano!” Gwayana rauraiwa, Ragadzirirwa, mutambo, uye pave pakati peusiku. Ndipo pavakaridya, munoziva, pakati peusiku. Saka ngatidaroi. Imi munoda henyu kusara nesu uye mogadzirira rwendo rwuri kuuya, rwuri mberi, tichafara kuva nemi. Mwari vakuropafadzei.

<sup>45</sup> Zvino imi munofanirwa kuenda iye zvino, munogona kuenda kumisha yenyu, uye Mwari vave nemi kusvikira ndasangana

nemi zvakare. Amen. Imi vamwe mose garai henyu pasi zvino tichatanga chirairo. Hanzvadzi ichange... Zvakanaka, changamire.

Kusvika tionane! kusvika tionane!  
 Kusvika tionane patsoka dzaJesu; (kusvika  
 tionane)  
 Kusvika tionane! kusvika tionane!  
 Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

<sup>46</sup> Ngatichiimbei zvakare patiri kumirira, munoziva, avo vari kubuda kunze. Kunogona kunyarara, uye ichi chinhu chakayereswa kwazvo. Ndave kuverenga chimwe chinhu kubva muRugwaro pano muchinguvana icho chakanaka kwazvo, kwazvo, kwazvo. Uye zvino ngatichiimbei zvakare.

Kusvika tionane! Kusvika . . .

Ngatingogwinhanai chishanu nemumwe munhu. Kana paine chimwe chakaipa muhupenyu hwako, munhu wacho ari pano wawakakanganisira, enda kwavari iye zvino munogadzirisana.

Kusvika tionane! kusvikira tionane!  
 Mwari . . .

Uyo anoridza piyano angauyawo here kupiyano, ndapota?

. . .ave nemi kusvika tionanezve!

Kusvika isu . . .

<sup>47</sup> [Hama Neville vanoti, “Mwari vakuropafadzei, Hama Branham.”—Mupepeti.] ndinokumikidza izvi zvole mumaoko enyu, Hama Neville. [“Ishe vakuropafadzei. Ndinotenda . . . ? . . .”] . . . ? . . .

Kusvikira tionane!  
 Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

Mwari vakuropafadzei, hama.

Ane hanyn’a newe,  
 Ane hanyn’a newe;  
 Nemuchiedza chezuva kana mimvuri,  
 Ane hanyn’a newe.

Ngatichiimbei zvakare.

Ane hanyn’a newe,  
 Ane hanyn’a newe;  
 Nemuchiedza chezuva kana mumvuri,  
 Ane hanyn’a newe.

<sup>48</sup> Zvakaisvonaka? Ngatichiimbei zvakare pavari kunyarara.

A . . . (chingovhara maziso ako) . . . newe,  
 Ane hanyn’a newe;  
 Nemuchiedza chezuva kana mumvuri,  
 Ane hanyn’a newe.

<sup>49</sup> Baba voKudenga, tinofara kwazvo kuti takazviona izvozvo chiri chokwadi, munguva dzedu dzerima gurusu kana nemuchiedza chezuva, haAsiye kana kuramba. Tinofara kwazvo nokuda kwazvo kuti tine, ruvimbo rvedu rwakavakirwa bedzi paRopa raJesu nekururama. Tinovimba, Ishe, kwete mumukurumbira wenyika ino. Tinovimba, hatitombodi kuvimba nechimiro chinotapirisa, asi kuzembera zvizere paZita raJesu. TinoKutendai zvakadini, Baba.

<sup>50</sup> Iye zvino tave kupinda mune chimwe—chimwe chezviitiko zvepanyama zvishoma zvaMakatisiira. Chimwe chazvo rwaive rubhabhatidzo, chimwe chacho chaive chirairo, uye chinotevera chaive kugezana tsoka. O Mwari, tinongopinda nokuyeresha, tichiziva kuti Gwayana iri iGawayana repaseka. Rwe—rwendo rukuru rwemurenje rwakange rwuri pamberi pevana. Ropa rinofanira kuiswa kutanga pachikumbaridzo chemukova, gwayana repaseka risati ragona kudyiwa.

<sup>51</sup> Mwari, nzverai moyo yedu zvino. Ropa riripo here ipapo, Ishe? Kana risipo, tinonamata kuti—kuti Muriise iko zvino, muchibvisa zvivi zvedu uye muchizvifukidzira, uye zvichabviswa kubva kwatiri, Ishe, zvivi zvenyika ino, kuitira kuti tigova vatsvene nokuva tinogamuchirika kuna Baba vedu iye zvino patiri kuuya kuzodya mu—mutumbi neRopa rakadeurwa reGwayana redu, Mwanakomana waMwari, Muponesi wedu. Nzverai moyo yedu patiri kuverenga, Baba, uye ipapo tiitei veNyu Momene. Nokuti tinozvikumbira nemuZita reGwayana, Jesu Kristu. Amen.

<sup>52</sup> Mubhuku rava—ravaKorinde, chitsauko 11, ndinoda kuverenga mavhesi mashoma, kutangira pandima 23 ndinoverenga izvi. NdiPauro ari kutaura kukereke yevaKorinde.

*Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupaiwo, Kuti Ishe Jesu nousiku umwe chete. . . hwaakapandukirwa wakatora chingwa:*

*Zvino akati avonga, akachimedura, akati, Torai, uye muddye: uyu ndiwo muviri wangu, unomedurirwa imi: itai izvi muchindirangarira.*

*Saizvozvowo zvakare akatora mukombe, zvino vapedza kuraira, ndokutora mukombe, asi paakange araira. . .*

Ruregerero. Regai ndipaverenge zvakare.

*Saizvozvowo zvakare akatora mukombe, zvino vapedza kuraira, akati, Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu: itai izvi muchirangarira, nguwa dzose kana imi muchinwa uyu, muchindirangarira.*

*Nokuti nguwa dzose kana imi muchidya chingwa ichi, nekuwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe kusvikira achiuya.*

*Naizvozvo mumwe nomumwe unodya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu waShe, nomutovo usina kufanira, uchava nemhosva yomuviri neropa raShe.*

*Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu.*

*Nokuti unodya nokunwa nomutovo usina kufanira, unozvidyira nokuzvimwira kurohwa, zvaasinganzveri muviri waShe.*

*Nemhaka iyi vazhinji varipo pakati penyu vanorwara uye havana simba, . . .vazhinji vavete.*

*Nokuti dai taizviidza isu timene, hataisatongwa.*

*Zvino kana tichitongwa, tinorangwa naShe, kuti tirege kutongerwa kurohwa pamwe chete nenyika.*

*Naizvozvo, hama dzangu, kana muchiunganira pakudya, mirirana.*

*Kana munhu ane nzara, ngaadye kumusha; kuti murege kuunganira kutongwa. Zvimwe zvakasara ndichazvigadzira kana ndichisvika.*

<sup>53</sup> Pandiri kufunga pamusoro peino, nguva yakayereswa kwazo! Zvakanyorwa zvakare kuti chirairo ichi pachakatanga kupiwa, nekugezana tsoka...uko kwatisiri kuzova nako manheru ano, nokuti hatina mvura. Mvura dzose dzakavharwa, uye tanga tisitomborina zvimbuzi zvokushandisa manheru ano, nokuti vatozongoibatanidza pamwe chete sokukwanisa kwavo, kuitira kuti isu tikwanise kuva neshumiro ino manheru ano. Asi tichaita sezvavakaita, ndokuti, ndinotenda Ruka akazvitaura, kuti “Vakaimba chimbo zvino ndokubuda kunze.” Asi munoziva here izvi zvazvinomiririra? Munoziva here, pakutanga, chirongwa ichi pachakatanga kuitwa muIsraeri, zasi muEgipita, vaive munzira yavo yokuenda kunyika yechipikirwa. Uye ndiwo manzwiro atiri kuita manheru ano, kuti tiri munzira kuenda kuNyika yeChipikirwa. Zvino rwendo rwacho rwuripo pamberi pedu.

<sup>54</sup> Uye vaiva nechiratidzo, chokuti kana mutumwa werufu akauya nepo, kuti paifanira kuva neropa pamukova, kana kuti mwanakomana mukuru kana mwana wacho mukuru aizofa mumusha. Pfungwa yacho yaive, uye zvazvainyatsoreva ndezvekuti, chokutanga kuisa ropa. Makacherechedza here kuti Pauro akazviisa sei pano? “Kana ani hake akadya asina kukodzera, anodya nokuzvinwira kutongwa kwaari, asiri kunzvera mutumbi waShe,” zvinoreva izvo zvimwe chete, kuti rufu, rufu rwepamweya, rwunozorora pamunhu anodya chirairo chaShe asina kukodzera. Uye anenge ari, kunze uko achinwa nokungoenderera, uye achirarama senyika, zvino ouya kutafura yaShe. Hatifanire kudaro. Zvino ngatichenesei moyo yedu nokuchenesa mawoko edu kubva...nepfungwa

dzedu kubva pakufunga zvakaipa, kuitira kuti tiuye kutafura yaShe, mukuremekedza nomuhutsvene, tichiziva kuti tiri kuzvibatanidza neChipiriso chedu, Kristu Jesu, anova iYe ruponiso rwedu rwoga.

<sup>55</sup> Uye zvino, manheru ano, maitiro atinoita izvi, kuti mumwe wevakuru amire pano, Hama Zabel. Uye ndinofunga, Hama Zabel, manheru ano, kana mukadana kubva papuratifomu kutanga, kuitira kuti vanhu ava vagobva papuratifomu uye mogadzira mutsara wenyu wokutanga pano, kana muchikwanisa. Zvino, Hama Zabel vachakutungamirai, inguva shoma, patinongopedza kuisa maropafadzo pachirairo.

<sup>56</sup> Chingwa chekosha ichi, chinogadzirwa neMakristu. Chingwa chisina mbiriso. Kana mukachicherechedza, pamunochiisa mukanwa menyu, chakakwasharara kwazvo, kuve chinovava. Chakaunyana nekumedurwa, chakavhenganiswa, zvinoreva mutumbi wakamedurwa, wakakuvadzwa waIshe wedu Jesu. O, kana nepandinongozvifunga, moyo wangu unoita sokumbopotsa kurova! Kana ndikafunga kuti Akavhenganiswa nokukuvadzwa nokurohwa, Mwanakomana waMwari asina mhosva! Munoziva here kuti sei Akadaro? Nokuda kwekuti ndakanga ndiine mhosva. Zvino Akava ini, mutadzi, kuti ini neChipiriso chaKe ndinozogona kuve ndakafanana naYe, mwanakomana waMwari. Chipiriso chakadini!

Ngatikotamisei misoro yedu.

<sup>57</sup> Mwari Mutsvene-tsvene, pandakabata mundiro ino yesimbi manheru ano, chingwa ichi chinomiririra mutumbi wakamedurwa, wakavhenganiswa, wakakuvadzwa, wakarohwa waIshe wedu, paya muporofita akadandzira kuti, “Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu, kurohwa kwakatiunzira rugare kwaiva pamusoro paKe, uye nemavanga aKe takaporeswa.” O, tinozviringarira sei izvozvo, Ishe! Pandiri kuzvisungirira paChipiriso ichochi manheru ano, neungano yakateerera saizvozvovo, Ishe, kuChipiriso, dai tikarangarira Ishe wedu, rufu rwaKe nekurohwa kwaKe, nezvose izvo zvaAkapfuura nemazvo kuitira isu, apo patiri kutora chingwa ichi mumuromo yedu. Mwari, tiri vanhu vasina kukodzera. Hatina kukodzera chinhu chitsvene chakadai, saka tenderai hutsvene hweNyu, Ishe, Huvepo hweNyu neRopa reNyu, zvisuke moyo yedu. Uye patinochigamuchira, dai tatsunga mupfungwa dzedu kuMushumira nguva dzose masikati neusiku, mazuva ose ehupenyu hwedu. Zvino chenesai chingwa ichi kuitira basa rachichashandiswa. Takumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>58</sup> Uye ndakabata izvi mumawoko angu, semakumi matatu- . . . angaita makore makumi matatu nematatu ekushumira andakashumira Ishe wangu, uye ndinozvinyarira. Asi ndinofunga, chii chandingaita dai ndanga ndiine madonwe

maviri chaiwo eRopa raKe ndakaabata muruwoko rwangu manheru ano? Chii chandaiita naro? Asi, munoziva, ndanga ndiine mumawoko angu manheru ano, pameso paKe, chakadarika pakukura, ndicho icho chakatengwa neRopa raKe, Kereke yaKe. Saka kana ndakabata izvi, pamwe nemuto wemazambiringa aya, ndinofunga nezvazvo. Akati, “Handisi kuzonwa zvakare zvizereko zvezmuzambiringa kusvikira ndanwa patsva nemi muHumambo hwaBaba vaNgu.” Zvino cherechedzai kuti mushure mokunge hondo yechivi yapera, chinhu chokutanga chatichaita tasvika kune rimwe divi kutora chirairo, chirairo chaShe.

<sup>59</sup> Zvino ngatikotamisei misoro yedu zvino patiri kuropafadza hwaini iyi. Baba vedu voKudenga, pandinofunga, pandakabata hwaini iyi pano inomiririra Ropa raJesu, kuti kubudikidza neRopa riya raiyerera zvivi zvangu zvakaenda. Zvinoiswa muGungwa reKanganwiwo, uye hazvizorangarirwa zvachose. Zvino neRopa iri, mumwe mukomana akanga ari kufa rimwe zuva arere uko muchipatara, zvino Makandiponesa. O Mwari, ndinoKutendai kwazvo, Ishe. Zvino ipapo ndokundipa rairo, neMweya Mutsvene, kutungamira vanhu kuKarivhari pamwe nokuvaratidza nzira yokuenda kuMusha. Maita heNyu, Baba. Zvino chenesai hwaini iyi kuitira basa raichashandiswa. Uye dai munhu wese achadya muchiitiko ichi, manheru ano, agamuchira simba repamweya nerepanyama kuitira rwendo rwuri mberi. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

[Ungano inopiwa chirairo. Chibenga patepi—Mupepeti.]

<sup>60</sup> Kumira pano ndichiona mhuri dzichiuya, zvino ndiyo nzira yazvichava rimwe ramazuva ano, mhuri nemhuri, chinzvimbo nechinzvimbo, boka neboka, mumwe nemumwe. Patinosangana naYe, ichava nguva yakadini, apo vanhu vose vakararama panyika, vakatenda maAri nokuvimba naYe, vachasangana ipapo neZuva iroro. Zvichange zvisingashamisi here? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.]

<sup>61</sup> Tichatorega kuva nekugezana tsoka manheru ano nokuda kwemvura. Hatina zvokushandisa zvakakwana iko zvino, zvino zvizhagadzirwa nokukasika, tinovimba. Vari kuita havo zvakana, uye nokushanda nokukasika patabhenakeri itsva. Neimwe nzira ndinofunga kuti izvi ndizvo zvakafanira kwazvo kuve nechirairo nemusi wekutanga wegore sezvizvi, nguva ino yezuva.

<sup>62</sup> Zvino, imi munobva kunze kweguta, tyairai makanyatsongwarira mangwana pamunoenda kumusha. Dai Mwari ava nemi. Zvino imi muri pano vomunzvimbo ino, vepedyo, Mwari vave nemi uye vakubatsirei. Uye zvino, Ishe vachida, zvino ndinofanira kuenda kumusangano unotevera unenge uri kuArizona, uye kana Mwari vachida, ndichadzoka kuzova nemi zvakare kuitira *Zvisimbiso Zvinomwe*, uye



sezvandakangovimbisa. Ini zvirokwazvo ndinoda minamoto yenyu. Ndinokudai zvakanyanya kwazvo, saka musakanganwe kundinamatira. Uye dai zvinhu zvose zvakufambirai zvakana. Uye zvirokwazvo ndinokoshesa kuva kwenyu pano uye nokuteerera kwamaita kune zvandataura muEvhangeri. Ndinotenda kuti tiri kuita shanduko zvino. Uye ndiri, ndinokutendai nokuda kwemutsa wenyu.

<sup>63</sup> Uye vazhinji venyu vari kutyaira mamaera nemamaera kuuya kuzonzwa munhuwo hake akafanana neni achiedza kuunza Shoko raMwari. Ndine chokwadi chokuti changa chiri chimwe chinhu chinodarika ichocho chamanga muchiuya kuzonzwa chisiri ini, nokuti ini handina chandinokwanisa kuunza. Handina kudzidza, handina chimiro, hapana chiripo pandiri. Zvino pandinoona vanhu vachityaira kwemazana nemazana emamaera, uye vonge vakamira nokumirira pano, two o'clock mangwanani, zvanga zvisinei nechimwe chinhu chandanga ndinacho. NdiKristu. Ndinofara kwazvo kuti munoMuda. Uye ndinoMudawo, zvakare. Uye pamwe chete tinoMuda. Zvino nokuda kwekuti tinoMuda, hatisi kuzofa takaparadzana. Tinogona kuparadzana kwekanguva pano, apo nguva padzinenge dzichifamba, asi tichava pamwe chete zvakare. Changa chiri chido changu kungoedza kutungamira vanhu kunzvimbo iyoyo.

<sup>64</sup> Uye zvino kutanga gore idzva, ndinoda kuti, kwete “Mufaro weGore Idzva” kwamuri, ndinoda kutaura izvi kwamuri, “Mwari vakuropafadzei.” Zvino kana Vakazviita izvozvo, ndizvo zvoga zvamuchada mugore riri kuuya. Uye ndinovimba kuti Vachadaro.

<sup>65</sup> Uye ndiri, nenyasha dzaKe, tiri kuzoedza gore rino rinouya, Akandichengeta, akakuchengetai, nenyasha dzaKe ndine tariro ndichava mafudzi ari nani gore rinouya kudarika zvandanga ndiri mugore rino, ndinotarira kuva muranda ari nani kuna Kristu. Ndichaedza zvakasimba kuyedza kurarama zviri pedyo nepedyo, kuve wechokwadi zvakawedzerwa, kuunza Mharidzo sokungondipa kwaAnondiita, ndichaIunza kwamuri sokukwanisa kwese kwandinogona, pasina chandinochengeta pane zvaAnenge achida kuti ndikupei. Ndichaita zvose zvandinoziva maitirwo azvo. Uye ndinoziva kuti munonzwa nenzira imwe chete. Mu—munonzwa kudaro kuti tose tinoda kushanda pamwe chete zvino, nokuti zviyedza zvamadekwana zvezvirokwazvo zvave kupera, uye zuva ratove kunyura. Nyika iri kuenda ichitonhora, tinozviziva izvozvo, tichitaura pamweya, kereke iri kuenda ichitonhora uye rumutsiriro rwatopera. Hatizive chiri kutevera, asi tichavimba naMwari pane izvozvo, chero zvazvingava. Uye zvino sezvo isu pane dzimwe nguva . . .

<sup>66</sup> Ndinoda kuti murangarire kuti tabhenakeri ino ine mumwe wevafudzi vakanakisisa varipo pasi rose, Hama Orman Neville,

murume ane humwari, murume akanaka. Uye kana ndisipo, Hama Neville ndivo vanobata zvizere, zvakangoita sokunge ndiri pano. Matirastii, madhikoni, nevamwe vakadaro, vacharamba vari muzvigaro zvavo sezvavagara vachingoita. Zvino uno ndiwo muzinda wedu. Ndipo pachu apo patino—patino—patinogara, pano chaipo. Billy Paul achange asineni kunze uko, kungoitira bedzi musangano, achange achidzoka kuno. Basa nezvose zvichange zvichiitirwa ipo pano zvimwe chetezvo. Kungoenda kunze uko, hazvireve kuti ndiri kukusiyai. Ndiri kungoenda, munonzwisisa, chingori chiratidzo. Handizive zvazvunoreva. Ndinovimba nokutenda kuti zvichange zviri zvokuti Kereke yose ive zviri nani. Uye ndinoziva kuti zvichatiitira zviri nani isu tose kana tikatevera kutungamira kwaShe. Ndizvo zvoga zvatinoziva zvokuita. Hazvisi nyore kwandiri. Ndinorangarira imwe nguva kare ndakafamba ndichibva pakereke pano. Vamwe vatana vakare vanozvirangarira, kuti ndakanga ndisiriri kukwanisa kuzviita! Ndinoda vanhu.

<sup>67</sup> Pandakanga ndiri mukomana mudiki ndakanga ndisingadiwe, hapana munhu akanga aine hany'n'a neni pandakange ndiri mwana mudiki, uye ini, pandaiona kuti mumwe munhu anondida, ndai—ndaifunga, “ndoda kuvafira.” Uye zvino, nokuda kwekuti mumwe munhu anokuda, mumwe munhu ane hany'n'a. Ndakanga ndichikwira bango pane imwe nguva zvino chinochekera changu chakatsvedza pabango rakare remusidhari, uye chipfundo chacho chakanga chiri kumusoro mudenga, zvino ndakachirova nechibaiso changu zvino ndokutendeuka, ndokuwa angaita mafiti gumi nemashanu ndokubatirira paruwoko rwangu. Mumwe mudzimai akaridza mhare, uye achiita sokuzvibhabhadzira *zvakadai*. Ndakagara ndichifarira mudzimai iyeye, akave nehany'n'a. Aive mumwe munhu ane hany'n'a. Zvino ndaigara ndichifunga, “chero munhu aiva nehany'n'a neni, ndaivada.”

<sup>68</sup> Zvino kuno pane imwe nguva yakapfuura ndakanga ndiri muguta, ndakanga ndiri kufunga pamusoro pemazuva akambovepo, uye nezvandakaitirwa naMwari, zvino ndinozvokoshesa kwazvo. Uye ndinokutendai nokuda kwerudung rwenyu pamwe nokuyanana. Uye handingamboedza kukutungamirai zvisizvo. Richagara riri gwara chairo, pakuzivisa kwangu. Uye imi munondipupurira, hapana chandakambotaura pamusoro pangu pachangu, nguva dzose ange ari Jesu Kristu. Maona? Maona? Ndakaedza kugara pedyo zvachose muShoko raKe sokuziva kwandaita kuti ndigare, kukutungamirai nekukuratidzai gwara rokuenda kunzvimbo iyi.

<sup>69</sup> Ndinokukumikidzai zvino mumawoko aHama Neville, kutanga mumawoko aMwari, zvadaro mukuchengetedza kwaHama Neville, kufudza kereke nokutarira panhaka kusvikira ndakwanisa kuva nomusangano uyu ndichizodzoka

kwamuri zvakare. Ndichivimba kuti panguva iyoyo ndinozokwanisa kukuunzirai chizaruro chikuru kubva kuna Mwari, chichafadza moyo wose nokubwinyisa Kereke yaMwari.

<sup>70</sup> Tinogara tichitora chirairo. Handichada kutaura zvimwezve, munoziva manzwiwo andiri kuita. Uye ndinofunga kuti chimbo chatinofanira kuimba iye zvino, *Kutenda Kwangu Kunotarisa Kumusoro KwaUri, Iwe Gwayana ReKarivhari*. Zvino apo tiri kusimuka tichirwuimba, ngatigwinhanei chishanu mumwe nomumwe, uye toti “Mwari vakuropafadze.”

Kutenda kwangu kunotarisa kumusoro  
kwaUri,

<sup>71</sup> Ropafadzwai, hama yangu. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

Mupo- . . .

Mwari vakuropafadzei, hama.

. . . -ari.

Zvino . . . ( . . . ? . . . )

. . . weNyu zvachose!

Zvino ngatisimudzei mawoko edu kwaAri.

Kutenda Kwangu Kunotarisa Kumusoro  
KwaUri,

Iwe Gwayana ReKarivhari,

Muponesi weKudenga;

Zvino ndinzwei ndichinamata,

Bvisai kupomerwa kwangu kwese,

O ndiitei kuti kubvira nhasi

Ndive weNyu zvachose!

<sup>72</sup> “Kusvika tionane!” Ngatiimbei *Kusvika Tionane Zvakare*. Munhu wese zvino ngaachiimba.

Kusvika tionane! kusvika tionane!

Kusvika tionane patsoka dzaJesu;

Kusvika tionane!

[Hama Branham vanotaura chinyararire nemumwe munhu—Mupepeti.] . . . ? . . .

. . . ave nemi kusvika tionane zvakare!

Kusvika tionane! kusvika tionane!

Kusvika tionane patsoka dzaJesu; (kusvika  
tionane)

Kusvika tionane! kusvika tionane!

Mwari ave nemi kusvika tionane zvakare!

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

<sup>73</sup> Hama Neville, madini, hamungatiparadzanisa here nemunamato. Mwari vakuropafadzei.



*MANGANGE* SHO62-1231  
(The Contest)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Muvhuro manheru, 31 Zvita, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2018 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)